



Pou Piblikasyon Imedya: 14/08/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO DESÈNE PLIS PASE 1.35 MILYON DOLA
SIBVANSYON “SMART GROWTH” BAY KOMINOTE PAK ADIRONDACK AK
CATSKILL**

***Sibvansyon an pral Soutni Komodite Kiltirèl, Rekreyasyon ak Kwasans
Ekonomik nan kad Pwoteksyon Anviwònmantal Pak New York***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo akòde plis pase 1.35 milyon dola sibvansyon “Smart Growth” bay sis kominote ak òganizasyon nan Mid-Hudson Valley ak 18 nan North Country. Yo te akòde finansman sa a bay minisipalite ak òganizasyon non-komèsyal ki te voye repons apre yon Demand pou Aplikasyon (“Request for Application”) yo te anonse pi bonè ane sa a. Sibvansyon pou pwojè nan pak Catskill ak Adirondack te vin posib grasa ekspansyon Fon Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Fund).

“Pak Catskill ak Adirondack yo pami pi bèl destinasyon nan New York, pandan tout ane a; yo ofri rekreyasyon anplènè san parèy ak bèl bote natirèl pou rezidan ak vizitè yo jwi”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Grasa tou dènye seri sibvansyon ‘Smart Growth’ yo, kominote sa yo pral gen resous yo bezwen pou yo kontinye avanse, apre sis ane kwasans touristik e ekonomik. Y ap gen nouvo pwojè entelijan e k ap dire pou lontan pou atire plis vizitè pandan plizyè deseni k ap vini yo.”

Sibvansyon “Smart Growth” yo chèche idantifye priyorite ki genyen onivo lokal pou devlopman kominotè, epi yo tire pwofi de anviwonman natirèl zòn nan pou plezi piblik; epitou yo pèmèt kolaborasyon nan kad inisyativ ki konsène pak Catskill ak Adirondack yo. Men ki sibvansyon yo te bay:

Pak Adirondack

- **Konte St. Lawrence** - 75,000 dola: Demolisyon/Rediksyon ansye asyeri Jones & Laughlin (J&L) Steel
- **Vil Moriah** - 75,000 dola: Transfòmasyon Amo Bòdmè Pò Henry a (Port Henry Waterfront)
- **Vil Crown Point** - 75,000 dola: Renovasyon Sèvis Dlo distilri War Canoe Spirits
- **Konte Warren** - 67,936 dola: Fè pwomosyon Pwojè Koridò “First Wilderness Heritage” ki konsantre sou komodite kiltirèl

- **Fort Ticonderoga Association** - 25,000 dola: Renovasyon estriktirèl; Reparasyon Teras Anwòch Fò Ticonderoga
- **BluSeed Studios, Inc.** - 39,010 dola: Yon Nouvo Panorama BluSeed Studios: Konstriksyon ak Renovasyon Sit Toutolong yon Koridò ki Travèse yon Vilaj nan Saranac Lake
- **Adirondack Folk School, Inc.** - 18,700 dola: Videyo pou Ankouraje Moun vin “Dekouvri ‘Adirondack Folk School’ nan Lake Luzerne, NY!” (“Discover the Adirondack Folk School in Lake Luzerne, NY!”)
- **Sagamore Institute of the Adirondacks** - 67,620 dola: Pwojè Entèpretasyon ak Edikasyon Moun ki Vizite “Great Camp Sagamore”
- **Konte Hamilton** - 60,000 dola: Faz I Estrateji Monte Bekàn nan Adirondack (Adirondack Cycling Strategy), Fè Ekonomi Tourism Bisiklèt la Grandi nan Great South Woods
- **Lake George Land Conservancy** - 40,000 dola: Rekonstriksyon Santye “Pilot Knob Trail”
- **Vil Caroga** - 6,000 dola: Plan Konsepsyon Sistèm Santye Wheelerville
- **Vil Willsboro** - 75,000 dola: Devlopman Pak Rekreyasyon Florence Hathaway
- **Vil Johnsbury** - 73,981 dola: Renovasyon Pak Ski Bowl - Renovasyon Santye ki mennen osomè Little Gore, ansanm avèk Plaj la
- **Vilaj Saranac Lake** - 75,000 dola: Santye a Izaj Miltip nan Pasaj Sid Saranac Lake
- **Vil Tupper Lake** - 75,000 dola: Planifikasyon ak Renovasyon pou Dispozisyon Ray ak Ray Tren Tupper Lake
- **Vil Indian Lake** - 73,500 dola: Etablisman nan Pasaj Essex Chain Lakes ak Amo Cedar River Flow
- **Vilaj Northville** - 42,000 dola: Mizajou Zòn Vilaj Northville
- **Otter Lake Fire Company Inc.** - 19,210 dola: Etid Posibilite Otter Lake Fire Co. pou Apatman nan Forestport pou Sitwayen ki ti Granmoun

Pak Catskill

- **Mountain Top Arboretum** - 60,000 dola: Pwojè Konstriksyon Sant Edikasyon “Mountain Top Arboretum” nan Tannersville
- **Shandaken Theatrical Society, Inc.** - 50,210 dola: Sosyete Teyat Shandaken (Shandaken Theatrical Society), Renovasyon Teyat la nan Phoenicia - Kreye Kominote atravè Teyat (Fostering Community Through Theater)
- **Vil Hunter** - 75,000 dola: Inisyativ Santye Vil Hunter
- **Vil Ashland** - 75,000 dola: Paviyon Oktagòn Pak Ashland Town
- **Vil Shandaken, avèk nèf gouvènman lokal nan zòn nan** - 74,734 dola: Pwojè pou Met sou Pye “Catskill Park Scenic Byways”
- **Vil Rockland** - 35,000 dola: Plan Konplè pou Vil Rockland

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la (Department of Environmental Conservation, DEC), Basil Seggos, te deklare, “Grasa lidèchip Gouvènè Andrew Cuomo, sibvansyon sa yo ap ede kominote nan pak Adirondack ak

Catskill yo devlope epi mete sou pye pwojè, aksyon ak estrateji 'smart growth'. Pwogram Sibvansyon pou Met sou Pye 'Smart Growth' (Smart Growth Implementation Grants Program) DEC a ankouraje kwasans ki rekonèt lyen ki genyen ant devlopman ekonomik, anviwònman yo bati, ak pwoteksyon resous natirèl iranplasab nou yo ak kominote ki an sante”.

Manm Asanble Steve Englebright, ki se Prezidan Komite Asanble a pou Pwoteksyon Anviwònmantal (Assembly Committee on Environmental Conservation), te deklare: “Rapò ki genyen ant pwoteksyon anviwònmantal ak rekreyasyon enpòtan anpil. Sibvansyon 'Smart Growth' sa yo pral ede kominote yo finanse pwojè ki pral konekte moun ak lanati yon fason ki dirab e ki fè sans. Inisyativ lokal tankou sa yo ap kontinye anrichi bote natirèl kominote ki nan pak Catskill ak Adirondack, epi amelyore kalite devi residan ak vizitè”.

Dènye gwoup sibvansyon yo bay la kontinye montre angajman New York pran pou soutni aktivite ekonomik dirab, ansanm ak vitalite kominotè nan pak leta yo atravè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal an kolaborasyon avèk Depatman Deta (Department of State) ak Ajans Pak Adirondack (Adirondack Park Agency).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418